

1. Imana Mushoboravyose yaremeye Uburundi n'Abarundi, ikaduha amahoro, umutekano n'umwumvikano mu budasa bwacu nihezagirwe, ishimagizwe, imyaka n'imyaka.
2. Mudukundire tubahe ikaze mwebwe mwese muserukira imigambwe yemewe n'amateguko mwitavye iri huriro ry'umwiherero wadukoraniye kuri uyu musu muri iki gisagara ciza c'umurwa mukuru wa poritike i Gitega.
3. Abarongozi b'imigambwe ni bo ba mbere mu benegihugu bivugwa ko ari ba karuhariwe mu bijanye no gutunganya ivy'igihugu. Ni co gituma babita abanyeporitike.
Ariko rero ni abo nyene barongoye imigambwe baba aba mbere mu kugwa mu mitego y'ibijanye no gutunganya igihugu. Imvo nyamukuru ikaba iva ahanini ku gatima katumye umuntu yiyumvira kugira umugambwe.
Ni vyo kuko iyo mwari kuba muhuje umutima n'inama, mwari guhurira mu mugambwe umwe. Ariko kubera umwe wese yari afise intumbero yiwe, ni co catumye haba imigambwe myishi.
Nico gituma kandi, kubera naho tudasangiye akarangamutima mu bijanye no gutunganya ivy'igihugu, igihugu coco kiguma ari gwacu kandi tugisangiye.
Umwe wese rero ategerezwa kugira ico aterereye ku kugene igihugu kiriko kirarongorwa kugira kituramire twese.
4. Ni muri iyo ntumbero twashimye gukoranya Abarongoye Imigambwe mu Mwiherero ngo duhanahane ivyiyumviro ku vyo duhamagariwe gukora muri iki gihe isi, mbere n'igihugu cacu

kidasigaye inyuma, ihanzwe n'amahinduka haba mu vy'ubutunzi, imibano n'ihindagurika ry'ibihe.

Akatari gake, mwararonse akanya ko gushikiriza ivyiyumviro, mukoranijwe n'urwego rw'Umukuru w'Igihugu canke n'Ubushikiranganji bw'Intwari yo Hagati mu Gihugu, ni co gituma twari dukeneye gusubira kubonana ngo tubandanye dusuzuma intambwe tugezeho mu gushira mu ngiro ivyo twiyemeje. Aho dusanze twarasamaye tuhasanasane, aho twibagiye hagasigara igihengeri naho tuhasobanye.

Twebwe, nk'abakurikirana ku musi ku musi ivyo gutunganya igihugu, turakeneye kuzirikana uruhara rw'indongozi mu gufasha Abarundi guhindura ingendo, gukunda igihugu, gutahura ibihe turimwo no gutunganya gushasha iterambere ryacu.

5. Ni co gituma ndabasavye tucinjira muri uyu Mwiherero ko twokwitwarika gukamisha ibihe mwene ibi, kuko mu biyago nk'ibi ariho twerekana vy'ukuri ko turi igihugu kigengwa na demokarasi.

Muri iyi misi ibiri tugiye kumarana, umwe wese azoshikiriza ico agona ku bibazo bihanze igihugu c'Uburundi mu bisata vyose, twisunga canecane ku guterera ivyiyumviro Urwego Nshingwabikorwa rw'igihugu rwokorerako ku bijanye n'amahoro, umutekano, ubutungane, n'iterambere mu gihugu cacu, maze beneburundi bahimbarwe kumwe kandi biyumve mu gihugu cabo.

6. Ariko imbere yo kubandanya, nagomba kubasaba tumare akanya twibuka indongozi z'imigambwe zashengeye inyuma y'igihe twaherukanirako... Imana n'ibakire mu bwami bwayo, MURAKOZE.

Bavukanyi murongoye Imigambwe,

7. Kugira ngo dushike kuri iyi ntambwe, vyasavye utwigoro twinshi ku ruhande rwa Reta no ku ruhande rwanyu nyene.

Muravyibuka ingene mu myaka yakurikiye amatora y'2005 imigambwe myinshi yaciye mu bihe bigoye, igatangura kwicamwo ibice, bamwe bakiyita Nyakuri abandi bagakuranamwo.

Ni vyo, hari abavyungukiramwo, ariko impera n'imperuka benshi barabonye ko indyane mu migambwe ata nyungu vyazanira igihugu n'Abarundi.

8. Dusuzumye neza, dusanga ahanini akarangamutima k'imigambwe hari abanywanyi bamwe bamwe wasanga, naho bari basangiye umugambwe, badahuriza ku karangamutima kawo, kuko imbere yo kuja mu mugambwe wasanga benshi babona ivyicarwo hakubona akarangamutima k'uwo mugambwe binjiyemwo, ugasanga mbere abenshi basangiye urugendo badasangiye urubanza.

Umuntu yovuga mbere ko umwe wese yabona uwundi nk'ingazi ituma ashika ku co yipfuza. Tubiravye neza abenshi wasanga baja mu migambwe kuko bari babonye ko utadugijwe

n’umukuru w’umugambwe ataho uzoshika, na canecane ko aha iwacu kuronka “icicaró” bifatwa nk’uko ari bwo buzima; tukibagira isinzi ry’Abarundi baba badutoye. Aha iwacu dufise ingeso mbi ko icicaró ari nk’uguca ingero, atari ugusukurira abenegihugu.

Muri iyo misi, umugambwe udatowe wabona ko uwatsinze abaye umwansi, uwatsinze na we agafata umugambwe warushijwe nk’umukeba. Abanywanyi b’uwarushijwe na bo bagaca biyonkora kuko babonye ko ataco bazoronka, bakikwegakwegera mu mugambwe watsinze; bakagira bimwe abakurambere bavuga ngo: “Agakecuru gahishije ntikabura abuzukuru”.

Ahanini ni ico catuma indyane zica zaduka bahejeje guharura amajwi.

9. Inyuma y’amatora yo mu 2010, aho bibonekeye ko hariho abatamera aho intahe ishize, bagashinga urunani ADC-ikibiri, harabaye ibiganiro vyatumye hashingwa ihuriro ry’Imigambwe mu 2011, kugira ngo imigambwe ize irahurira mu biganiro. Iyo yabaye intambwe ikomeye mu kuja inama n’ingingo hagati y’imigambwe.

Ariko abahisemwo gushinga urunani rutemewe n’amategeko bobo baranse kujana n’abandi, baguma bibereye ukwabo ngo kuko ntibavugaga rumwe n’igihugu.

Ariko icigwa vyatweretse, uko bikumira, ni na ko abenegihugu na bo batera babakurako icizere, gushika aho bashakaga kwifata nk’ivyihebe mu 2015. Baragerageje gutoba amatora, mbere

bongera bifatanya n'abashaka gutembagaza ubutegetsu bwari bwishiriweho n'abenegihugu.

Bavukanyi Ndongozi z'Imigambwe,

10. Naho hariho abashaka kudutobera kuva mu 2010, muri Ntwarante 2013 twarashoboye gutunganya inama yahinduye vyinshi mu migenderanire y'Imigambwe.

Muribuka *Urupapuro rw'Inzira* rwadufashije kwitegurira amatora y'2015, mu mwumvikano ntangere naho bamwe bari bamaze gufata intumbero yo kuyankiriza.

Twagiye gushikira amatora tumaze kubonana akatari gake, bituma dushiraho n'itegeko rigenga amatora y'2015, ririmwo ivyiyumviro twumvikanyeko.

Ariko ikiringo kigeze, bamwe mu migambwe yari mu Burundi mu 2015 basubiye kwiyonjorora, bahitamwo kwifatanya n'abariko barondera gutembagaza ubutegetsu.

No ngaho nyene, tubonye inyifato y'abanyamahanga muri ayo mabi, vyaraduhaye icigwa. Ni co catumye, uburongozi bw'igihugu bwitunganiriza ibiganiro hagati y'abonse rimwe, nakare urubanza rw'itongo ruraba beneryo.

11. Muri icyo gihe nyene, Imigambwe yemewe n'amategeko mu Burundi, kandi iri mu ntumbero y'amahoro na demokarasi, yarashoboye kuja hamwe mu biganiro, maze ukwizerana

kurongerekana hagati yayo. Ukuja inama n'ingingo ni kwo kwatumye dushobora kubona kumwe ivyo Abarundi banyotewe.

Nimwibuke ingene mu mwaka w'2016 ushira 2017 twashoboye kwivyukiranya, tugashiraho Umugwi w'Igihugu ujejwe ibiganiro hagati ya Beneburundi (CNDI), n'ingene ibiganiro watunganije vyadufashije guhindura vyinshi mu gihugu.

Ivyo biganiro vyatunganijwe n'umugwi CNDI ufashijwe na mwebwe nyenye Abanyamigambwe, ni vyo vyatumye dutahura twese ko ari ngombwa ko duhindura Ibwirizwa Shingiro. Bituma mbere Abarundi bakabura agatima mpembero katumye tubona twese ko ikibazo c'amatora ari iteka ry'Abarundi, ko ata munyamahanga yoyivangamwo.

Mu 2018, Abarundi barabishize mu ngiro, barerekana umutima wo gukunda igihugu no kwikukira, mu gutegura bonyene amatora ya mbere yatunganijwe ata makungu adufashije, maze turemeza Ibwirizwa Shingiro.

12. Twabandanije muri iyo nzira y'ukwishira n'ukwizana, turaterera bimwe biboneka mw'itunganywa ry'Amatora yo mu 2020.

Nayo nyene yabaye amatora ya mbere yo gushiraho Inzego z'Igihugu Abarundi bitunganirije ata ntererano ivuye mu makungu, tuba turashikiriye iyindi ntambwe ikomeye mu kwitunganiriza ibijanye n'ubuzima bw'igihugu.

Acatunzezereye kuruta, ni uko ari yo matora ya mbere yabaye hatekanye, Abarundi bagashima uko yagenze kandi n'ivyavuyemwo bakavyakirana akanyamuneza.

Bavukanyi murongoye imigambwe,

13. Nk'uko twabivuze, kuva Amatora ya 2020 abaye hamaze kuba inama z'Imigambwe zitari nke. Uwu mwiherero na wo ukaba uje kudufasha kuzirikana aho tugejeje mu gushira mu ngiro ivyo twiyemeje no mu gushira ku murongo igihugu, haba mu bijanye n'itunganywa ry'ubutegetsi no kurongora igihugu, haba ibijanye n'intwari ibereye, ivy'imibano n'ubutunzi, mbere n'ibidukikije.

Ivyo twiyemeje turavyibuka. Twariyemeje kwivyukiranya mu guhindura ingendo, gukomeza ubutungane, guterera bimwe biboneka mw'iterambere ndetse no gukundisha igihugu abo turongoye.

14. Ariko naho dufise ihangiro ryiza, muri iyi misi Uburundi n'Isi yose buriko buca mu bihe bitoroshe, aho ibibera ku birometero ibihumbi 9 bihungabanya vyinshi mu buzima bwacu. Mbega none mweho Abanyamigambwe muravyakira mukabitegera neza?

Ibihe turiko turacamwo kuva mu 2019, murazi yuko hadutse ikiza COVID-19, hamwe n'ibi vyahindutse bitewe n'intambara ziriko ziraba hagati y'Abaseruko n'Abarengero, uwo ari we wese vyomugora gufatamwo ingingo. Mu gihe ca corona, virus twarashoboye kuvyifatamwo neza, mu mikoro make twari dufise, ariko hariho n'ibindi vy'inkoramutima twagumye

duhanganye, kandi n’ubu duhanganye. Hariho ibibazo bikenewe vy’abenegihugu, muri ivyo turabonamwo igitoro, isukari, isima, umwavu n’ibindi.

Nico gituma twebwe twiravye, tukisuzuma neza twovuga tuti muri kino gihe kigoye, iyo umuntu aronse n’ubwo acumbisha kumwe, aca avuga ati Imana iracanye, kuko bino bihe bigoye, bitagoye twebwe gusa, ariko bigoye isi yose.

Nashaka ariko kubaremesha ko ata wocika ivutu, kuko iyo umuntu avunitse aca yiga gucumbagira. Ibi bihuhusi ni vyo vyarahungabaniye isi, na twebwe tudasigaye inyuma; na canecane ko twavunika tuva hafi, mu gihe twariko turisanasana, inyuma y’igihe kirekire twacyiyemwo turi mu ndyane abandi bariko bagwanira n’iterambere. Tuze rero turategera ibihe tugezemwo.

15. Ndashimiye Abarongoye imigambwe benshi bamaze imisi badukeza ku ngingo tumaze imisi dufata mu bijanye n’iterambere, ubutungane, gusubiza abantu ku kivi, gusubiza mu buryo ivyari vyarononekaye, no mu gufasha Abarundi guhindura ingendo.

Na canecane ko tubona muguma muremye kuko nta mvura idahita. Mere nka babandi ngo: “Iyakoze biriya ntaho yagiye, n’ibindi izobikora”. Igikomeye ni ukwizera, tukagumiza umutima mu nda, twunze urunani, ntidute ubwoko.

Kubona twese tuguma twunze urunani, ni ikimenyetso kitabesha ko muzi ko mutahura neza iyo tuva, aho dushitse n’iyo turiko turaja. Abemera Imana murazi inkuru y’urugendo

rw'abanya Israyeli, uko bava mu Misiri bajabutse ikiyaga gitukura, bese bagize umusi mukuru ko bavuye mu gahoto no mu buja bw'abanya Misiri. Ariko uko bagenda, niko batanyurwa, mbere abenshi bashaka kugumukana abarongozi babo kugira ngo batume bisubirira muri ya amagorwa barimwo. Baragumukanye akatari gake abarongozi babo, mbere bashika n'aho bashaka kubatembagaza, ngo bironderere ababasubiza muri ya magorwa bahoramwo mu Misiri, bayita meza. Na twebwe mu Burundi rero, turi mu rugendo.

16. Naho hari abagikekeranya, nagira nsubire ndabamenyeshe ko turi mu rugendo tugana Uburundi, igihugu c'amata n'ubuki. Igihugu Abarundi bazobamwo batunze kandi batunganiwe.

Ivyo ntibikiri agaseseshwa rumuri kuko turamaze kwuguruka amaso, kandi umutahe nyawo turawufise: Igihugu ciza cane, gishinze mu kibanza kibereye, itunga kama Imana yaturemeye, Abarundi b'incabwenge, bakomeye kandi b'abakozi.

Ahasigaye ni ahacu, kuva hasi, tugakura amaboko mu mpuzu, tukaja ku kivi kugira duhingure iryo tunga twongere turikamishe.

17. Ico mwomenya kandi ndababwiriye ngaha, ni uko ubu turi ku rugamba rw'umusozi wo gushika. Kandi ku ntambwe yose twacyemwo Abarundi bama bahuye n'ibibazo. Ivyo na vyo ni vyo bahamagarirwa gutorera umuti. Kuko ikibazo wanse gutorera umuti kiragukurikira, uburuhiro kikaba ari co kikubera intambamyi yo gutera iyindi ntambwe.

Dutanze akarorero, igihe twari mu ntwaro y'abakoloni, Abarundi babona ko baronse ukwishira n'ukwizana bizoba bikwiye nk'uko wamengo ni ubukoloni gusa butubujije ubuzima.

Ariko twikukiye, hari ibibazo birengagije ntibabitorera umuti w'ingene bobigenza, ivyo na vyo vyari ibibazo vy'iringanizwa ry'ubutegetsi bw'igihugu n'ingene kironkorwa, hamwe no kwumva ko abenegihugu bangana imbere y'amategeko n'ivyiza igihugu gitanga.

Uwo mutego waradukurikiye, udukomeretsa kuva kavamahanga atashe iwabo.

18. Abanyeporitike bari bazi ko intwaro ya Demokarasi yemera imigambwe myinshi ari wo muti, ariko baguma birengagiza ko mu mboneza z'igihugu hariho abemera demokarasi ari uko ari bo batowe, kandi ko uwutsinze abatamutoye batamugirira icizere.

Mu kumugwanya, abatamutoye bose barondera inzira bacamwo kugira ngo baronke imigwi ibashigikira. Ni uko ikibazo c'amoko cavyutse mu Burundi, kandi tuzi ko karangamuntu y'ubwoko yaciye mu gihugu.

Mu 1993 harabaye imigambwe myinshi, haratunganywa amatora, ariko ntibabujije ko indyane zica zaduka zitewe n'ako gatima kakiri mu banyeporitike, ko kutizera ko uwundi ashobora kurongora igihugu ku neza ya bose.

19. Usuzumye neza yaba uwatsinze amatora, yaba uwatsinzwe, usanga bose bavyumva nka kumwe; imvugo ngo vaho ndahaje, uwundi nawe ati: Akahaja aranyihora.

Ni co catumye mu masezerano ya Arusha bese bemeza ko indyane z'Uburundi zishingiye ahanini:

Ubwa mbere ku ndyane za poritike, ariko zishingiye ahanini ku moko;

Ubwa kabiri ziva ku ndyane hagati y'imigwi y'abanyeporitike bashaka kuja mu butegetsi, kandi bace kubutsimbatararako canke ababushikiriye ntibashake kubuvako.

Ivyo ni vyo baciye bashaka gutorera umuti, ariko bibagiye isinzi ry'Abarundi na bo ata kindi bishakira atari amahoro, umutekano, ubutungane n'iterambere.

20. Ni co gituma amasezerano ya Arusha yatoreye umuti ivya poritike, ariko amahoro arindira amasezerano rusangi yo guhagarika ingwano burundu.

Mu bijanye na poritike, bemeje ko Demokarasi ishingira imizi, imigambwe igahiganwa hanyuma ikagabura ubutegetsi.

Ku bijanye n'ubwoko naho, bumvikanye ko mu nzego z'igihugu bashiramwo abahutu batarenga 60% n'abatutsi batarenga 40%.

Aka kajambo "batarenga" ni ako gutsimbatararako kuko ikibi ni uko atawurenza ivyo bitigiri mugabo ashobora kuja musi. Ni nk'uko kandi ubwo bwoko buva mu mugambwe uwo ari wo wose.

Naho vyari bibaye uko, ingorane ntizari ziheze kuko uko amatora abaye kwose, haca haboneka abagumuka, bakavuga

ko bibwe ariko baterekanye neza aho bibiwe. Ako kari ka gatima ko gushaka kuja ku butegetsi ku nguvu kakirezareza.

Ariko icibonekeje ni uko, naho hariho abashaka kubikwegeramwo ubwoko, ico kibazo kitari kikija imbere. Mbere na ya migwi ya G7 na G10 y'imigambwe ishingiyeye ku moko yahavuye isambuka; kanatsinda ryari ibara kwumva mu gihugu hashingirwa impigi imigambwe ishingiyeye ku moko, kandi ibwirizwa nshingiro ribibuza.

Ndetse twovuga ko ikibazo c'amoko co nyene citoreye umuti igihe imigambwe y'ubwoko ubu igira inani n'imigambwe y'ubwoko bundi. Ivyo bigaca bishimangirwa n'imigambwe yaja mw'ihiganwa ukwayo.

21. Dushitse kuri uyu musu ata mugambwe bakivuga ko ushingiyeye ku bwoko ubu canke buriya, iyo ikaba ari intsinzi ikomeye mu bijanye no gutunganiriza igihugu.

Uretse n'ivyo, uyu musu nta muntu acishira hejuru ngo ahagarariye ubwoko ubu canke buriya. Ubu ico ni ikibazo c'uburongozi bw'igihugu butegerezwa gutunganiriza abenegihugu bose, ata mwana n'ikinono.

Bisubiye, hari n'ubwoko bw'abatwa wamengo ni ubwo guhererwa ku rutoke abandi barira ku nkoko, uno musu bategerezwa kurenganurwa.

22. Naho biri uko, twovuga tuti vyose bimeze nezan si ukuvuga ko vyose vyera de; atagahaze. Mbere novuga nti karahaze nyene, kandi ntawokirengagiza:

Turabona kandi ko hacibonekeza akarezareza k'agatima ka kera, ko gushikira ubutegetsu udaciye ku nzira yaciye n'ibwirizwa nshingiro.

Ico ni co gituma abanywanyi b'imigambwe bagifatwa nk'intungwa n'abarongozi babo. Iryo bikava kuko mu kubinjiza babemereye ibitagenda, bakaguma babihanganisha ko bazobishikako. Kuri abo banyamigambwe rero bica biboneka ko kuva mu mugambwe ari nk'ubuhemu, kandi tuzi ko nabubakanye bashize igikumu imbere y'amategeko bashobora kwahukana.

Ni na co gituma hari abakuru b'imigambwe bamwe bamwe, iyo abanywanyi babo babasavye ivyo babemereye, baba batangura kubagumura ngo barakumiriwe, bakibagira ko ubu aho tugeze abeneburundi batagiharurirwa mu mugambwe ariko baharurirwa mu gihugu.

23. Muri ivyo nyene, biraboneka ko hakiriho abarongozi b'imigambwe, nibaba batabigira nkana, bataramenya gutandukanya uburenganzira bw'umugambwe n'uburenganzira bw'umwenegihugu.

Umugambwe ni ishirahamwe riremwa na beneryo bakaba ari bo banarica kiretse urenze amategeko atuma ufutwa. Umugambwe utakibaho ntibisigura ko abanywanyi bawo baba bafuswe mu gihugu.

Tubimenye twese ko abanywanyi b'imigambwe baguma bafise uburenganzira, ukwishira n'ukwizana n'ivyo bategerezwa mu gihugu.

Bisubiye, kuba umunywanyi w'umugambwe ntibigabanya ivyo abanegihugu-banywanyi bawo bategerezwa n'ivyo bafitiye uburenganzira.

Ni co gituma ataho amategeko yemerera indongozi z'umugambwe kuba, ka mugambwe, abahagarikizi w'abanywanyi b'imigambwe yabo mu bijanye n'ubuzima bw'igihugu kuko abanegihugu bose, baba mu migambwe canke batayibamwo, barangana imbere y'amategeko.

24. Ica kabiri kikiduhanze, naho kitakiboneka mu vy'ubu ni ikibazo c'ubwoko.

Hariho abakamishije politike y'ubwoko n'ubu bagifise ako gatima. Ariko na bo nyene, kubera batahuye aho tugeze, babikora kubera ubwoba bw'ivyago iyo ngeso yabo yateje igihugu, bakarondera ababashigikira kugira baje mu kivunga ; ntihagire abubahuka kubakosora, ngo babereke amabi bakoze kuko ari akabi kabishe.

25. Aha rero umuntu aca yumva ningoga ikibazo c'ubutungane. Ubutungane buhana, ubutungane bunywanisha n'ubutungane buzira umwana n'ikinono.

Ubutungane buri mu bintu bikomeye uburongozi bw'igihugu butegerezwa kwitwararika kurya kw'amahoro n'umutekano.

Kubera Uburundi bwabayeho havugwa gusa amacakubiri n'indyane zishingiye ku moko n'intara, uno musu biracagora abagize urwego rw'ubutungane gutahura ko umucamanza aca

imanza kw'izina ry'igihugu. Ni ukuvuga kw'izina ry'ebenegihugu bose.

Kubera ivyo, umucamanza biramugora kwumva ko igihugu kimushinze ijisho, ko atovye, agaca iza ngondagonde, na we ahanwa kuko kera bari intakorwako, barica uwo banse, bagakiza uwo bakunze.

Kubera ubutungane cari igikoresho c'abarongozi, uno musi n'uwukora neza biragoye ko abenegihugu bamwizera. Ni co gituma twama na ntaryo turiko turabanguranya.

Uretse n'ivyo, kubera ubwo bubegito, imanza nyishi zarabaye ibirarane, izindi ziracibwa binanirana ko zija mu ngiro. Murumva ko ari urugamba kugira ducacure ivyananiranye.

26. Kuri ivyo hiyongerako imanza zijanye n'amacakubiri, ubwicanyi no kunyaga abenegihugu bakurikije ubwoko. Muca mwumva ko mvuze Ubutungane bunywanisha.

Ivyabaye mu Burundi, ni akamaramaza kandi birateye ubwoba n'agahinda ku buryo kubitatura bitoroshe.

Kubera vyakorwa n'ubutegetsu bw'igihugu vyarahishijwe, abo vyakozeko bicwa n'agahinda ababikoze na bo birya akara ngo ntibizomenyekana.

None ubu hageze ko bija ahabona, ni ikibazo kandi uburongozi bw'igihugu butegerezwa guhangana na co. Abiciwe ababo, bakanyagwa, mbere bagakurwako agashambara basaba ubutungane, kandi ubutegetsu bw'igihugu butegerezwa kubatunganiriza.

Ababikoze na bo bakavuga ko vyakozwe n'inzego z'igihugu kandi ko inzego z'ubu ari zo zitegerezwa kubitorera umuti, kuko naho benshi mu babikoze bapfuye, kuko sinovuga ko bitavuye Imana kandi ntazi ko bagiye bireze, igihugu coco ntaho caroye.

Bisaba rero ko inzego z'ubu zigarama zikonkwa kugira Abarundi bose batekane.

27. Kuri uko gutekana nyene, Abarundi ntibotekana kandi hakiri abakumirwa mu buzima bw'igihugu. Ariko naho nyene hariho kudategera kubera imigenzo mibi abatuboneye izuba bagendeyemwo.

Abarundi benshi bari bazi ko gukumirwa mu gihugu ari ukukwima aho wicara ngo igihugu kiguhembe. Uno musi gusigura ko Abarundi bose badashobora kuronka aho bakora bahembwa n'igihugu, ni nko gusigura ko ibuye naho woteka gute ritosha.

N'ikimenyamenya, no muri mwebwe abanyamigambwe, ari mwebwe mwari kuvyumva mukavyumvisha abandi, hariho abatabitegera.

Ico jewe nzi kandi nzirikana ni uko Abarundi bose, atawuvuyemwo, banganya amahirwe yo kuramirwa n'ivyiza vy'igihugu. Ivyo na vyo ni ubutunzi buva mu gihugu, ubutungane, amahoro n'umutekano.

Ku mahera nayo yo mu kigega ategerezwa gukora imigambi rusangi abenegihugu bakeneye. Abakorera igihugu na bo

bategerezwa kumenya ko atari abacangero, ahubwo bahembwa kugira baramire abenegihugu.

Mugabo kubera aho hambere hahise bari bazi ko gukorera igihugu ari ukurya ivyaco gusa, n’ubu hariho benshi bahembwa bicaye, bakigendera muri za mvugo ngo : « Akazi k’ibwami kica uwicaye », ivyo na vyo bigatera inzigo abari kwungukira ku vyo babakoreye.

Birumvikana ahava ako gashari, kuko abatari muri ubwo buzi bw’igihugu bavuga bati : « usangwa ari ukurya wicaye, ntaho bitaniye no kugabura itunga ry’abenegihugu ». None rero nibabaheko na bo kuko iryo tunga barya, ni itunga rusangi kandi nta mwana n’ikinono.

Gushira abakozi b’igihugu ku kivi, kandi barabwiye umuzirikanyi ko ari ukurya wicaye, na rwo ni urugamba rudasanzwe ; namwe muravyibonera.

28. Ikindi kibazo kigira gatatu ni ikibazo c’amahoro n’umutekano. Aho hambere hahise kandi, Abarundi bo nyene ni bo bihungabaniriza umutekano, birateba biraba nk’akaranda.

Mu bisanzwe kugira ngo habe ingwano mu gihugu, mudatewe n’ikindi gihugu, ubutegetsu bw’igihugu buba bubifisemwo uruhara.

Twebwe ngaha iwacu, tubiravye neza, dusanga hariho imvo nyamukuru.

Icaha cateye ingorane mu gihugu ni abanyeporitike bagendeye ku ngingo yo kugabangana ubutegetsu bw’igihugu. Mbega muri

ityo mituri, ko abenegihugu bese bangana, uwutaronse aca aja hehe? Ubutegetsi ni ubw'abenegihugu, ntibumanyurwa ntibugaburwa. Ico indongozi z'igihugu zikora ni uguhagararira ubwo butegetsi kugira ntihagire umwenegihugu ahonyora ku gakanu uwundi, kandi kugira ngo batunganye neza ubwo butegetsi, bugakora ku neza y'igihugu cose.

Ica vyononye rero aha iwacu si ikindi, ni uko uwushikiriye ubwo butegetsi yaca yinuba incabwenge zitaronse, ariko zishoboye kurongora abandi, kuko zohava zigumura benegihugu ko abari ku butegetsi babatwaye ubutegetsu bwabo, na bo bagahava barondera kububabaza.

Ni co gituma incabwenge n'abakire ari bo baja imbere mu kwicwa, kandi muzokwumva bavuga ijamba ribi cane ngo : « Kwitanga umwansi ». Iyo nivyoye vyishe igihugu.

29. Ng'ivyo ivyatumye amahoro n'umutekano bigoyagoya mu gihugu, ku buryo n'ubu incabwenge zitari muri ivyo vyicarwo vyo mu butegetsi ziguma zigavye nk'uko umengo zokwicwa umwanya uwo ari wo wose. N'uno musu murazoraba, uwutari mu butegetsi aguma abona ko adakingiye, akama afise ubwoba. Ariko ivyo vyavuye kuri uyo mugenzi mubi wa kera, dutegerezwa kurandurana n'imizi.

Ivyo ni vyo bituma kandi hari abanyeporitique baguma bahiga barondera icotuma ubutegetsu butembagara, na canecane mu kurondera kubunanza ngo baheze bagumire abenegihugu.

Iyo hoho habaye ingorane mu gihugu umengo bogira umusi mukuru. Ni ivyo twama twibonera canke tukavyiyumvira.

Abasuzugura inzego z'igihugu bama bibonekeje, ariko iyo baba abandi bari kumenya ko uko bipfukura ariko umwansi na we agira ameru.

Erega bimeze uko, ca gihengeri gitera ameru imfysi, kiba kibonetse ; abanyamahanga bakabona kutwinjirira. Kanatsinda akica urugo karuva imbere. Kandi ivyo bibaye, ingaruka ni ku mwenegihugu wese. Ngo wumvise inkuba irabije, uravuga uti : Gobera gobera, ntugire ngo : Mara abansi, kuko n'umukunzi barajana. Iryo si ivyo tucigishwa.

30. Ni co gituma ubu hari hageze ko ata buryarya burimwo kwiyamiriza uwo wese aorta ahungabanya umutekano mu gihugu kuko ku bwacu nta mvo n'umwe ihari yotuma umuntu ahitamwo umukino wo gupfa.

Mu bisanzwe ubu ivyo isi yose, n'ivyo ishirahamwe mpuzamakungu ONU rishimikirako kugira ribone ko gukoresha igikenye bikenewe vyaraheze mu burundi.

Mu vyishimikijweko mu gutegura urwandiko mpuzamakungu rujanye n'agateka ka zina muntu, mu gice c'imvo agace ka gatatu, ni ho handitse ngo : « Tubonye ko ari ngombwa ko agateka ka zina muntu gategerezwa gukingirwa n'ubutegetsu bugengwa n'amategeko, kugira ngo, mu ntumbero yo kwigwanako, umuntu ntahawe agumuka kubera ubwicanyi n'agahotero ».

Iryo birasigura neza ko ubutegetsu budashingiye ku mategeko ari bwo nkomoko y'imigumuko.

None aho tugeze, ivyo twarabirenganye kuko ubu nta muntu ari hejuru y'amategeko. Ikitugoye gusa ni uko kubera ukwo kumenyera ivya kera, abenegihugu batarategera ko umurongozi arenze amategeko ashengezwa imbere y'intahe. N'ako karacahaze.

31. Vyongeye, no mu bijanye n'intwari ibereye naho nyene haracari agahaze, na canecane ko ata citegererezo abarongozi bubu bafise borabirako, kuko n'abobakebuye ari bo babaha impigi.

Naho twirirwa turagwanya igiturire, n'ubu haracibonekeza abarya igiturire ariko ntihagire ababashengeza, bitwaza ngo : « Nta guhandwa ku rurimi ikirenge kihari.

Biri uko, naho indongozi nkuru z'igihugu zokwita ku rutare gute, urwo rugamba ntizorutsinda rutabaye urw'abenegihugu bose, n'abanyamigambwe barimwo. Na mwebwe ndabasaba, aho kuvuga ngo : « Reka barye igiturire tuze turonke aho tubaca » mworugwana kuko ni abenegihugu bahahombera. Ntaho bitaniye no kwanka gutabara, ukureka uwo wanka ngo yice umuntu kugira ngo bikunde aje mw'ibohero.

32. Igiturire ni akaranda kabi katuma igihugu kihahombera vyinshi. Igiturire ubwa mbere gikenesha uwacatswe kuko uwari kumufasha ahemberwa ico gikorwa, ariko akarinda gusaba impembo igira kabiri. Ayo mahera ahembwa nayo akaba ava mu bikorwa vy'abo benegihugu.

33. Ubwa kabiri, igiturire kivyara akarenganyo kuko hari benshi batanga igiturire kugira bagure bagenzi babo. Akarenganyo nako mu gihugu kagatuma abantu bama batuntuye bagacika inkokora.

Uretse n'ivyo igiturire gituma itunga ry'igihugu rinyuruzwa canke rigasesagurwa, na canecane mu bijanye n'amasoko ya Reta, canke mu gucisha ku ruhande amakori yosahirije ikigega c'igihugu.

Ni co gituma tuguma kuri urwo rugamba, turondera inzira zose twokoresha kugira amahera y'igihugu yose yinjire kandi akoreshwe neza ibiramira abenegihugu.

34. Nimwaba rero, nk'abanyeporitique mwahora mwibaza ngo ntaco inzego zigihugu ziriko zirabibona, nagira ndababwire ko turi ki kivi ahubwo turindiriye imfashanyo y'abenegihugu bose nk'uko ibwirizwa nshingiro ribitegereza mu ngingo yaryo ya 69 riti :«Umurundi wese ategerezwa guhagararira amatungo y'igihugu ».

Ndasubiye rero kudasaba kuvavanura n'ingendo yo gusuzugura ibikorwa vya Reta ngo muri mu mugambwe “utavuga rumwe na Reta” kandi Reta ari umuvugizi w'Abarundi bose mu buzima bwabo.

Muri uno mwiherero, ni akaryo keza ko gusuzuma ko mu vyo twaranguye, musanze mwararonse inyishu mu vyipfuzo vy'abenegihugu hanyuma ibitagenda neza mudukebure.

35. Imbere yo gusozera, nashaka ndabamenyeshe ko mu guhangana n'ibihe turimwo vy'ikenana ry'ibitoro, isima, isukari, intabire, n'ibindi vya nkenerwa mu buzima bwa misi yose, Reta iriko iragira akigoro kadasanzwe, tukaba twanasavye ababishoboye kwinjiza ivyo bidandazwa, kugira bize kwunganira bimwe mu vyo dusanzwe twifitiye, mugabo bitagishobora gukwira, kubera ababirondera ari benshi kuruta umwimbu turonka.

36. Nipfuza ko uno Mwiherero woba akaryo ku kuraba iyo turiko turaja.

Igihe duherukana, hari ibintu vyinshi mwasavye ko twokorerako mu bisata vy'uburimyi, ubworozi, ubutare, ubutungane, ubutunzi, intwari ibereye, uburovyi, ingenzi, inyubako, indero, amagara y'abantu, urwaruka, imico kama, imibano na poritike, dushaka ko tubandanya tubizirikana, kandi tubijanishe n'ibihe vyahindutse turimwo.

Kirya gihe, nta wari yiteze ko ibihe bimera nk'uku mubona, tubwirizwa guhindura ingendo, twige kubaho muri ibi bihe kandi dufashe abo turongoye kubibamwo.

Ni co gituma rwa rugamba rwo kugwanya ubukene n'ubu ataho rurigeza kiretse ko naho tutararonka umusesekara dushora hanze, ubwo ducumbisha kumwe bwobwo buraboneka, tukaba twizigiye ko tugiye kubandanya.

Nakare urugamba rwo kugwanya ubukene, kubarumenyereye, ngo ntiruhara kuko umwana w'umuntu yama afise ivyo akeneye.

Bavukanyi,

37. Ndahejeje kubacira ku mayange ivyo duhanganye mu buzima bw'igihugu.

Nababwiye ivyo duhanganye n'ingorane duhura, kuko ivyo twakoze vyovyo si bike ni co gituma mubona n'aka kanya kabonetse. Erega iyo biba bibi, ntitwari kwubahuka ngo tubaje imbere; ni uko dufise ivyo twirata.

Ivyo na vyo vyarahindutse bitubera umugenzi. Ko turi ku rugamba reka tuvuge cane umwansi kuko ni we atubangamiye, akatubuza gushika ku buzima bwiza.

38. Ndizeye ko tuzova ngaha dusiguriraniye ivyo tugezemwo, twongera turaba ko turi mu nzira ishika. Namwe aho mubona twogororera, ntimwitinye, igihugu ni gwacu, dutegerezwa kucubaka turi kumwe twese.

**IMANA IHEZAGIRE IBIKORWA VYACU VYO MURI UYU
MWIHERERO
MURAKOZE**